

Modèl Deklarasyon Enpak sou Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Lekòl la

Tit: Aprantisaj Lete 2021

Dat: 17/03/2021

Èske yo te itilize ZOUTI PLANIFIKASYON EKITE RASYAL BPS la? (Wi Non oubyen Non): _____

| Seksyon ki gen rapò ak zouti planifikasyon egalite rasyal BPS yo | Rezime/Motif |
|--|---|
| <p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ak ki enpak yo vle jwenn ak pwopozisyon an oswa prezantasyon an? Kiyès ki te dirije pwosesis sa a epi èske yo reflekte divèsite elèv oswa fanmi BPS yo?</i></p> | <p>Sezon lete a prezante yon opòtinite pou abòde pèt aprantisaj ak lòt enpak rasism sistematik ki te vin entansifye pa pandemi COVID-19 la, ki enkli aksè ki pa ekitab ak entènèt e mank angajman elèv yo. Bps pral founi divès pwogram kiltirèlman ak lengwistikman pètinan ki konsantre nan katye ki genyen pi gran kantite elèv yo ki nan bezwen, epi fanmi yo pral genyen posibilite pou fè divès chwa eklere sou pwogram ki reponn pi byen ak bezwen e ak enterè pitit yo. Pral genyen plis pase 15000 plas nan pwogram akademik yo (Ti Anfans, Ane Lekòl Pwolonje, 5èm Trimès ak Biwo Aprenan Anglè yo), 10000 plas anrichisman (Boston After School & Beyond) ak 1800 opòtinite travay pou elèv BPS yo lete sa (Boston Private Indutry Council (Konsèy Endistri Prive Boston), and Learn & Earn (Aprann & Genyen). Pwosesis planifikasyon an ap kondui pa Department of Early Childhood (Depatman Ti Anfans), Office of English Learners (Biwo Aprenan Anglè), Office of Special Education (Biwo Edikasyon Espesyal), ak Office of Expanded Learning Opportunities (Biwo Opòtinite Aprantisaj Pwolonje), an kolaborasyon avèk Academics, Office of Data and Accountability, ak patnè nou, Boston After School & Beyond. Gwoup planifikasyon an se 40% Ameriken Nwa/Afriken, 33% Blan, 13% Azyatik, 7% Latino, ak 7% Birasyal.</p> |
| <p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Ki jan pwopozisyon oswa prezantasyon an aliyen ak plan estratejik distri a?</i></p> | <p>Plan lete yo nan mizajou sa alinye dirèkteman sou priyorite 6 nan plan estratejik BPS 2020-2025, Aktive Patenarya yo, nan travay avèk divès patnè kominotè pou angaje elèv yo nan divès opòtinite akademik lete ak pou ranfòse divès konpetans wo kalite ak sinyifikatif e pou travay yon jan pou fèmèn lakin opòtinite akademik nan elaji aprantisaj la odela sal klas la pou divès opòtinite ki baze sou eksperyans pou elèv BPS yo.</p> |
| <p>3. Analiz done <i>Ki done w te itilize pou analize pwoblèm oswa ka a? Èske li te repati pa ras? Ki sa li te montre konsènan diferans ki gen nan popilasyon yo majinalize yo dapre listwa?</i></p> | <p>Done k'ap itilize yo pou enfòmè sou plan inisyal nou yo genyen ladan yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Katye kote elèv yo ap viv, ki pa regwoupe akòz de ras, nivo Devlopman Aprenan Anglè yo, ak elèv k'ap swiv Plan Aprantisaj Endividyalize yo (elèv ki pa t fè pwogrè nan tès ACCESS yo pandan ane pase a). • Done evalyasyon fòmativ Ane Lekòl 2020-21 pou tout klas yo, ak done sou nòt kou yo pou elèv segondè yo. • Done sou angajman elèv yo pou Ane Lekòl 2020-2021, ki |

| | |
|---|--|
| | <p>genyen prezans ak rezilta ankèt yo.</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Endis Opòtinite (Opportunity Index, OI) pou lekòl ki pwopoze pwogram lete yo, ak lekòl ki desèvi pa pwogram patnè pwopoze yo. ● Enfòmasyon sou elèv sanzabri ak elèv ki plase sou siveyans Ministè Anfans ak Fanmi (Department of Children and Families) yo. ● Done sou Lete 2019 ak Lete 2020 pou pwogram 5èm Trimès yo ki detaye mezi kalite pwogram ki lye ak yon anviwònman favorab, ak patisipasyon nan aktivite e ak aprantisaj epi ak devlopman divès konpetans sosyo-emosyonèl jèn yo. |
| <p>4. Angajman aksyonè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, demografik ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv oswa fanmi ki pi afekte pa pwopozisyon oswa prezantasyon an te di?</i></p> | <p>Biwo Aprenan Anglè yo (Office of English Learners, EL) ap fè apèl telefonik pou poze kesyon ak 233 paran elèv EL ki nan lis konpansatwa yo pou rasanble divès kòmantè sou bezwen elèv yo. Apèl sa yo espere pou fèt 31 Mas. 18 Mas, pwosesis angajman pati prenan yo pral pouswiv avèk lansman yon gwoup konsiltatif lete ki genyen ladan yo divès manm Boston Teachers Union (Inyon Anseyan Boston yo) divès manm komite konsiltatif, ak divès paran pou ofri kontribisyon yo nan kominikasyon, priyORIZasyon elèv yo, dotasyon pèsònèl la, ak evalyasyon yo. Pou tout elèv ki gen yon Ane Lekòl Pwolonje yo (Extended School Year, ESY) nan IEP yo a, opsyon pwogramasyon lete yo rive diskite pandan reyinyon IEP yo a, epi Biwo Edikasyon Espesyal la (Office of Special Education) pral fè yon sansibilizasyon endividyèl pou chak fanmi ki gen yon timoun ki gen ESY nan IEP li a, ki enkli yon mesaj tèks, apèl telefonik ak dirèkteman pa lapòs. Pral genyen tou yon kay ki ouvri pou tout fanmi yo avan kòmansman ESY a. BPS ap travay pandan tout ane a avèk Boston After School and Beyond nan sa ki konsène pwogramasyon 5èm Trimès la ak lòt pwogram anrichisman lete BASB ofri pou timoun Boston yo. Anplis, nou kontinye rankontre epi planifye avèk Boston Private Industry Council and Learn & Earn pou kreye opòtinite travay nan lete a pou elèv nou yo.</p> |
| <p>5. Estrateji san patipri sou kesyon ras <i>Kijan pwopozisyon sa a oswa prezantasyon sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite, patikilyèman egalite rasyal? Ki konsekans ki pa volontè yo? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p> | <p>Pwogram lete yo pral konsantre nan katye ki pi peple avèk elèv nwa yo, latino yo ak andikape yo e ak aprenan lang anglè yo, an patikilye sa yo ki nan Plan Aprantisaj Endividyalize ou Pèsonalize yo (Elèv ki pa t fè pwogrè nan tès ACCESS ane pase). Lokal la, Endis Opotinite lekòl ki ap desèvi, ak done sou lete ki sot pase a te rive pran an konsiderasyon kòm divès pwogram ki pwopoze, chwazi epi konstui. Byen ke disponibilite enstalasyon yo pral limite nan kèk mezi lokal pwogram yo, nou pral diminye limit sa yo gras ak yon planifikasyon entansyonèl divès transpò ak divès estrateji kominikasyon. Elèv ki nan sitiyasyon sanzabri yo ak elèv ki sou responsabilite Department of Children and Families (Ministè</p> |

| | |
|--|--|
| | <p>Timoun ak Fanmi) pral genyen priyorite pou aksede ak syèj yo nan pwogram lekòl yo epi ki jere pa divès patnè, epi pral resevwa yon sèvis transpò si y ap viv andeyò Boston. Sou baz divès done evalyasyon fòmatif ak angajman elèv yo, konsa tou divès done sou kalite pwogram lete ki te vin avan yo, pèsònèl pwogram yo pral resevwa devlopman pwofesyonèl nan mete an-è v pwogram ki siblè nòm pouvwa akademik yo, pratik ki kiltirèlman ak lengwistikman dirab yo, ak pi bon pratik pou angajman elèv yo.</p> <p>Anplis, sou baz divès done nòt nan kou lekòl segondè Ane Lekòl 2020-2021 an, divès pwogram rekiperasyon kredi adisyonèl pou etid segondè te rive ajoute pou lete 2021 an, swa yon ogmantasyon senk pwogram ki soti nan lete 2020 ak 10 anplis pase nan lete 2019. Pwogram rekiperasyon kredi sa yo pral jere pa lekòl ki ofri ak elèv yo yon opòtinite kritik pou fini oubyen pou rekipere divès kredi kou avèk yon soutyen sosyo-emosyonèl ak divès tach ki diferansye, santre sou elèv la epi ki konfòm ak oryantasyon pedagojik chak lekòl.</p> |
| <p>6. Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kouman ekzekisyon an ap rasire pou objektif egalite yo respekte? Èske gen dirijan ak pèsònèl ki nwa, ki latino ak Azyatik ki pote yon onjektif egalite rasyal?</i></p> | <p>Finansman Lalwa CARES pral bidjetize pou pwogramasyon ete a. Pri total pou tout pwogram aprantisaj lete ki te pwojete nan moman sa se \$16,5 milyon. Dirijan ak pèsònèl pou pwogram sa yo pral rekrute ant Avril ak Jen, epi objektif la se pou pèsònèl sa yo reflekte divèsite rasyal pami elèv yo ak fanmi yo.</p> |
| <p>7. Responsablite ak Kominikasyon <i>Kouman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Kiyès k ap responsab sa a?</i></p> | <p>Enpak pwogram nan pral mezire yon jan ki baze sou enskripsyon elèv yo yo swiv nan Avril jiska Jiyè, frekantasyon ak angajman elèv yo pandan Lete 2021 an, divès pre-ak pòs-evalyasyon pou pwogram akademik san kredi yo, ak achèvmman divès kredi pou pwogram rekiperasyon kredi yo. Gwoup Konsiltasyon Lete a pral ofri kontribisyon adisyonèl sou pi bon fason pou dokimante ak kominike enpak pwogram yo. Done sou to patisipasyon ak enpak pwogram lete yo pral kominike ak Komite Lekòl la pa Direktè Etid Akademik otòn sa.</p> |